= ЧІАГІЙИНА =
ТІетоьхначу корматаллин Іаморан
пачхьалкхан автономин «Шуьйрачу
хаамийн гІирсийн белхахой
кечбаран а, йухакечбаран а Туш»
Учрежденин директора
202_3_ ш. ___01.09___ омра №_0-0_
_________________ Юнусов Хь. И.

**ТІетоьхначу корматаллин Іаморан**
**Нохчийн меттан ПРОГРАММА**
*(9 баттана)*

*Шуьйрачу хаамийн гІирсийн белхахой*
*кечбаран а, йухакечбаран а Туьшан ладогІархошна*

**Программин хаамийн карта**

1. ГІуллакхдаран Іалашо – корматаллин йухакечбар.
2. Программин цІе – «Нохчийн мотт».
3. ХІара дешаран программа кхочушйиен кхерч – «Шуьйрачу хаамийн гІирсийн белхахой кечбаран а, йухакечбаран а Туш» тІетоьхначу корматаллин Іаморан пачхьалкхан автономин Учреждени (ТІ.К.І. ПАУ).
4. Программин тайпа – модификацин.
5. Кхочушйеш йу 2020-2021-чу дешаран шарахь дуьйна.
6. Дешаран хенан йохалла – 9 бутт.
7. ЛадогІархойн хенаш – лаккхара а, йуккъера леррина а дешар дешна, 35 шаре кхаччалц хенаш йолу кегийнах а, мехкарий а.
8. Маса тоба йу – цхьаъ.
9. Программин Іалашо йу ладогІархошкахь иштта мехаллаш кхиор:

– нохчийн мотт пачхьалкхан мотт а, адамашца йолчу уьйрийн, гонахара дахар довзаран гІирс а хиларх кхеташ хилар;

– шуьйрачу хаамийн гІирсашкахь а, йукъараллин дахарехь а нохчийн меттан хаарех пайдаэца хьуьнар хилар;

– нохчийн мотт къоман культурин а, синъоьздангаллин а мехаллийн цхьа тІегІа лара дезарх кхеташ хилар;

– тайп-тайпанчу хьелашкахь шен нийсархошца а, баккхийчаьрца а йукъаметтигаш лело хаар карадерзор;

– къомо бІешерийн оьмарехь кхоьллинчу гІиллакх-оьздангаллин баххашца а, синъоьздангаллин мехаллашца а экаме хила везарх кхеташ хилар.

Оцу Іалашонашка кхачархьама кхочушдан дезаш лаккхарчу мехаллин декхарш хІуьтту Программина хьалха. Царах ду ладогІархошкахь кхио деза иштта декхарш а:

– шен къоман векал а, дукхакъаьмнийн Россин пачхьалкхан гражданин а ша хиларх кхеташ хилар;

– шен синъоьздангаллин мехаллаш кхачаме йалор, дукхакъаьмнийн махке безам кхиор, нохчийн матте, гІиллакхийн хІолламашка, кхечу къаьмнийн культуре болу ларам кхиор;

– хІума довзаран а, цунах кхетаран а, цуьнан мах хадоран а хьекъал кхиоран Іалашонца хаамийн тайп-тайпанчу хьостанех, гІирсех пайдаэцар;

– хьалха хІуьттучу проблемех кхета а, гипотеза хьалхайаккха а, коьчал пайде йерзо а, шена хетарг тІечІагІдеш делил дало а, барта йа йозанан аларшкахь бахьанин-тІаьхьалонан уьйраш билгалйаха а, жамІаш кепе дерзо а хаар;

– ша гІуллакхдеш дустаран, дуьхь-дуьхьал хІитторан кепех шуьйра а, паргІат а пайдаэцар;

– тайп-тайпанчу хаамийн хьосташца, шуьйрачу хаамийн гӀирсашца, Интернетан таронашца болх бан, оьшург лаха, талла, ша гӀуллакхдарехь царах пайдаэца хаар.

**Кхетор**

Мотт ойлайаран, кхетаман, хьекъалан уггаре а йоккха хазна йу, хӀунда аьлча, адамийн дахарехь а, йукъараллехь а буьйцучу матто дакъа ца лоцуш цхьа хӀума а дац. Мотт адамийн уьйран а, кхиаран а, къийсаман а гӀирс бу. ХӀуманан нийса тидам бан хааре хьаьжжина, цуьнан ойла йан хаа тарло, нийса, кхетаме ойла йан хааре хьаьжжина, хӀуманах кхета йиш хир йу, ткъа хӀуманах вай кхетаре хьаьжжина бен хьекъал хир дац.

ЛадогӀархошна, церан хене а, цара кхул хьалха Ӏамийнчуьнга а диллича, мелла а алсам ойла йан хуур ду. Цундела уьш кхидӀа хӀуманан алсам тидам бан а, ойла йан а, кхета а Ӏамо беза, церан къамел кхио а, хаарш лакхадаха а деза. Ӏамочу материалан хӀун бахьана ду, и иштта хӀунда ду, шу цунах муха кхета боху хаттарш къастор хаддаза хӀиттор пайде хир ду.

«Нохчийн мотт» курс лерина йу ладогӀархошкахь кхоллараллин таронаш кхиорна а, шаьш-шайца къахьега лаам кхолла а, ненан маттах долу хаарш кӀаргдарца нохчийн маттахь болчу шуьйрачу хаамийн гӀирсашкахь къахьега уьш кийча хилийтарна а.

Оцу Ӏалашонца белхан чаккхенехь ладогӀархой кхача беза иштачу жамӀашка:

– дечу къамелан терго йаран хаарш карадерзор, меттан башхаллех пайдаэца хаар;

– базови кхетамаш караберзор: мотт, къамел, барта а, йозанан а къамел, шиннан къамел, къамел даран хьелаш, литературин меттан бакъонаш, текст, меттан кхоллам (фонетика, орфоэпи, лексика, фразеологи, дешан хӀоттам, дошкхоллар, морфологи, синтаксис, орфографи, пунктуаци);

– нохчийн меттан коьрта меженаш а, церан билгалонаш а йевзаш хилар, дешан, дешнийн цхьаьнакхетарийн, предложенийн тайп-тайпана таллам бан хаар;

– хьелаш тидаме эцарца къамелехь меттан дакъойх нийса пайдаэцар;

– нохчийн меттан фонетикин, лексикин системийн, грамматикин дӀахӀоттаман коьрта башхаллаш йевзаш хилар;

– нохчийн литературин меттан бакъонаш а, къамелан оьздангалла а йевзаш хилар, барта а, йозанан а аларех шен къамелехь пайдаэца хаар;

– тайп-тайпанчу дошамех а, хаамийн литературех а пайдаэца хаар;

– тайп-тайпанчу жанрийн, хотӀийн тексташ йукъарчу чулацамах кхеташ йеша хаар: исбаьхьаллин, дешаран, Ӏилманан, Ӏилманан-гӀарайевлла, публицистикин, гӀуллакхан;

– лергана хазарехь йуккъерчу барамехь (хьехархочун, телевиденин, радион дикторан къамел) бовзуьйтучу хаамех нийса кхетар;

– йукъаметтигаш дӀакхехьаран тайп-тайпана хьелаш тидаме а оьцуш, массо кепара жанрийн, хотӀийн (стилан) тексташ кхоллар; къамел долоран йуьхь шегахь а йолуш, Ӏер-дахаран, дешаран, социокультурни теманашна гӀиллакхехь диалогаш дӀайахьа хаар;

– хаамийн хьостанах санна пайдаэцарца текстаца болх бан а, текстан массо кепара анализ йан а хаар;

– текстан дакъош нохчийн маттера оьрсийн матте гочдар.

Программин шатайпаналла лара мегар ду теори а, практика а цхьаьнайалош иза кхочушйийриг хилар. Ткъа оцо ладогӀархойн кхоллаpалла кхиоран таронаш совйохур йу.

ДуьххьалдӀа дийцаран а, практикин а хорманашкахь дӀахьур ду дешар.

30-нал лахара воцуш ладогӀархо хила декхар ду тобанехь, шайн хенаца 35 шарал воккха а воцуш.

Программа лерина йу 9 баттана. Билгалдина сахьташ – 72.

**Белхан технологи**

Программица билгалдинарг Ӏаморо ладогӀархошкахь кхио деза:

– нохчийн мотт уьйрийн, йукъаметиггалийн гӀирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар: нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гӀуллакхдарехь а, ша

вовзийтарехь а, йукъараллехь ша дӀалоцу йолу меттиг билгалйарехь а эшарх кхеташ хилар;

– вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а йукъаметтигаш дӀакхехьарехь нохчийн маттах пайдаэца кийча хилар; къаьмнийн културийн йукъаметтигаш дӀакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;

– шен къоман а, Россехь дехачу къаьмнийн а, дуьненайукъара а культура йовзарехь нохчийн мотт мехала гӀирс хиларх кхеташ хилар;

– барта а, йозанан а хаамех цхьатерра кхеташ хилар (Ӏалашонех, теманех, коьртачу а, тӀебузучу а хаамех);

– тайп-тайпанчу хотӀийн, жанрийн тексташ массо кепара йешар а, йазъяр а карадерзор;

– билгалбинчу барамехь йацйина (план, йухасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгӀна йа дӀайешна текст йуха схьайийца хаар;

– тайп-тайпана йукъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар;

– шенна хаарш лаха а, карадерзо а хаар; шуьйрачу хаамийн гӀирсашца а, Интернетан хьостанашца а болх бан, пайдаэца хаар;

– билгалйинчу темина коьчал схьахаржа а, иза цхьана къепе йерзо а хаар; таллам бан а, цхьаъ вукхуьнца йуста а, схьагайта а, жамӀаш дан а, йукъара маьӀна даккха а, шена хетарг тӀечӀагӀдеш делил дало а хаар.

– оьрсийн мотт Ӏаморехь нохчийн маттах пайдаэца хаар.

**ЛадогӀархойн Ӏамаре лаам хилийтаран кепаш:**

1. Журналистан болх тӀаьхьало йолуш хилар.
2. ЛадогӀархошна шайн кхоллараллин таронаш гучуйаха некъаш кхоллар.

Ӏаморех шайх пайдаоьцу кепаш: хӀума довзийтар, практикехь чӀагӀдар, цуьнца цхьаьна – талламбар, ша-шена талламбар.

Ӏаморан таронаш:

- белхан программа;
- темехула йолу литература;
- хаамийн гӀирсаш а, дошамаш а;
– электронни гӀирсаш.

**Дешаран-чулацаман план**

| №. | Чулацам | Сахь-таш | Теори (сахьт) | Прак-тика (сахьт) | Ӏаморан хорма | ЖамӀ |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Долор. Адамийн дахарехь матто лело маьӀна. | 2 | 1 | 1 | Лекци. | Хаттаршна жоьпаш |
| 2. | Нохчийн мотт: йоцца истори, маьӀна. | 2 | 2 | | Лекци | Ӏамийнарг тӀечӀагӀдар Хаттаршна жоьпаш |
| 3. | Лексикологи | 4 | 2 | 2 | Лекци. Талламан болх | Ӏамийнарг тӀечӀагӀдар Хаттаршна жоьпаш |
| 4. | Фразеологи | 2 | 2 | | Лекци | Ӏамийнарг тӀечӀагӀдар Хаттаршна жоьпаш |
| 5. | Нохчийн меттан дошамаш | 2 | 2 | | Лекция | Хаттаршна жоьпаш |
| 6. | Фонетика а, графика а | 4 | 2 | 2 | Лекци. Талламан белхаш | Ӏамийнарг тӀечӀагӀдар Хаттаршна жоьпаш |
| 7. | Морфологи | 4 | 2 | 2 | Лекци. | Ӏамийнарг тӀечӀагӀдар |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | Талламан белхаш | Хаттаршна жоьпаш |
| 8. | Къамелан дакъош. Цlердош | 6 | 2 | 4 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 9. | Билгалдош | 6 | 2 | 4 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 10. | Терахьдош | 6 | 2 | 4 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 11. | Цlерметдош | 4 | 2 | 2 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 12. | Хандош | 4 | 2 | 2 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 13. | Причасти. Деепричасти | 4 | 2 | 2 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 14. | Масдар. Куцдош | 4 | 2 | 2 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 15. | ДештIаьхье. Хуттург. Дакъалгаш. Айдардош | 4 | 2 | 2 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 16. | Синтаксис. Цхьалхе предложени | 2 | 1 | 1 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 17. | Чолхе цхьаьнакхетта предложени | 2 | 1 | 1 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 18. | Чолхе карара предложени | 2 | 1 | 1 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 19. | Сацаран хьаьркаш | 2 | 1 | 1 | Лекци. Талламан белхаш | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| 20. | ЖамIаш дар | 2 | | 2 | Программа Iамор таллар | Iамийнарг тIечIагIдар Хаттаршна жоьпаш |
| | ДЕРРИГЕ А | 68 | 33 | 35 | | |

**Программин чулацам**

1. Долор. Адамийн дахарехь матто лело маьIна. Моттий, ойлий вовшех йозуш хилар. Дуьненчохь къаьмнийн меттанаш. Адамийн уьйрашкахь меттанийн маьIна. Iамийнарг тIечIагIдар.

2. Нохчийн мотт: йоцца истори, маьIна. Нохчийн мотт вуно шира а, хьалдолуш а хиларан билгалонаш. Йозанан мотт кхоллабалар. Алфавиташ хийцаялар. Нохчийн маттах тера меттанаш. Нохчийн меттан башхаллаш.

3. Лексикологи. Дешнийн маьIнаш. Дешнийн тайпанаш, церан маьIнаш. Дукха маьIнаш долу дешнаш. Омонимаш. Синонимаш. Антонимаш. Ширделла дешнаш. Керла

дешнаш. Лексикин башхаллаш: историзмаш, диалектизмаш, корматаллийн дешнаш, Iилманан дешнаш, и.дI.кх.а.

Iамийнарг тIечIагIдар.

4. Фразеологи. ПаргIат цхьаьнакхетта дешнаш. ЧIагIделла цхьаьнакхетта дешнаш. Идиомаш. Халкъан кицанаш – чIагIделла цхьаьнакхетта дешнаш – фразеологин цхьаьнакхетарш. Меттан дешнаш а, дешнийн коьрта хазна а.

5. Нохчийн меттан дошамаш. Дошамийн тайпанаш: энциклопедин, филологин, дошкхеторан, гочдаран, терминологин, фразеологин, этимологин, техникин, и.дI.кх.а. Дуьххьарлера дошамаш. Дошамаш кхоллар кхиар.

6. Фонетика а, графика а.

Къамелан аьзнаш. Мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Нохчийн алфавит (абат). Аьзнашний, элпашний йукъахь йолу башхо. ЧIогIа а, кIеда а мукъа аьзнаш. Доца а, деха а мукъа аьзнаш. Балдийн а, балдийн доцу а мукъа аьзнаш. Дифтонгаш а, церан нийсайазйар а. Зевне а, къора а мукъаза аьзнаш. Шалха элпаш. Шала элпаш а, церан нийсайаздар а. ЦIеххьана йишхадоран хьаьрк. ЧIогIа а, кIеда а къасторан хьаьркаш. Дешдакъа. Тохар. Дешан чаккхенга *«н»* яздар. Орфоэпи – нийсааларан бакъонаш.

Iамийнарг тIечIагIдар.

7. Морфологи.

Дешан латтаммий, къамелан дакъошший. Дешан лард а, чаккхе а. Гергара я цхьанаораман дешнаш. Дешан орам а, дешхьалхе а, суффикс а. Схьадовлаза а, схьадевлла а дешнаш. Орамера мукъа аьзнаш хийцадалар.

Орфографи – нийсайаздаран бакъонаш. Ораман аьзнаш хийцадалар. Чолхе дешнаш а, церан нийсайаздар а. Чолхе-даццдина дешнаш а, церан нийсайаздар а.

Iамийнарг тIечIагIдар.

8. Къамелан дакъош.

ЦIердош. ЦIердешан маьIна. Йукъара а, долахь а цIердешнаш. ЦIердешнийн грамматически классаш. ЦIердешнийн дожарийн хорманаш. ЦIердешнийн легарш. Легаршкахь цIердешнийн орамера мукъа аьзнаш хийцадалар. ТIеэцначу цIердешнийн легарш. ЦIердешнийн кхолладалар, церан суффиксаш.

Iамийнарг тIечIагIдар.

9. Билгалдош. Билгалдешан маьIна. Мухаллин а, йукъаметтигаллин а, доладерзоран а билгалдешнаш. Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш. Билгалдешнийн терахьашца хийцадалар. Билгалдешнийн классашца хийцадалар. Мухаллин билгалдешнийн даржаш. Чолхе билгалдешнаш а, церан нийсайаздар а. Билгалдешнийн легарш. ТIеэцначу билгалдешнийн легар а, церан суффиксаш нийсайазъяр а. Билгалдешнийн кхолладалар, церан суффиксаш.

Iамийнарг тIечIагIдар.

10. Терахьдош. Терахьдешан маьIна а, цуьнан тайпанаш а. Терахьдешан цIердашца йолу уьйр. Предложенехь терахьдешан маьIна. Масаллин терахьдешнийн легар. ХIоттаман терахьдешнийн легар. Декъаран, гулдаран, дакъойн, билгалза-масаллин терахьдешнийн легар. РогIаллин терахьдешнийн легар. Терахьдешнийн кхолладалар а, церан хийцадалар а, суффиксаш а.

Iамийнарг тIечIагIдар.

11. ЦIерметдош. ЦIерметдешан маьIна а, цуьнан грамматически билгалонаш а. Лааме а, лаамаза а цIерметдешнаш. ЦIерметдешнийн тайпанаш: йаххьийн, дерзоран, доладерзоран, дерзоран-доладерзоран, гайтаран, хаттаран, къастаман, къастамза, дацаран, шатайпанара, йукъаметтигаллин. ЦIерметдешнийн тайпанийн легар. ЦIерметдешнийн нийсайаздар.

Iамийнарг тIечIагIдар.

12. Хандош. Хандешан маьIна а, цуьнан грамматически билгалонаш а. Цхьадолчу хандешнийн терахьашца а, классашца а, кепашца а хийцадалар. Хандешан хенаш. Хандешан хенийн чаккхенаш нийсайазъяр. Деа кепара хандешнаш. Кхечуьнга довлу а, кхечуьнга ца довлу а хандешнаш. Хандешан билгалза кеп. Хандешан саттамаш: билгала,

бехкаман, лааран, тIедожоран. Хандешан спряженеш. ГIоьнан хандош. Чолхе хандешнаш. Дацаран дакъалгаш *«ца»*, *«ма»* хандашца нийсайазъяр.

Iамийнарг тIечIагIдар.

13. Причасти. Причастин маьIна. Причастийн хенаш. Причастийн легар. Кхечуьнга йолу а, ца йовлу а причастеш. Причастийн нийсайазйар. Причастеш цIердешнашка а, билгалдешнашка а йерзар. Причастешца дацаран дакъалг *«ца»* нийсайаздар.

Деепричасти. Деепричастин маьIна. Деепричастин хенаш а, церан нийсайазъяр а. Деепричастица дакъалг «ца» нийсайаздар.

Iамийнарг тIечIагIдар.

14. Масдар йа хандашах хилла цIердош. Масдаран классашца а, терахьашца а хийцадалар. Дацаран дакъалг *«ца»* масдарца нийсайаздар. Масдарийн легар.

Куцдош. Куцдешан маьIна. Куцдешнийн тайпанаш. Куцдешнийн кхолладалар: билгалдешнех, цIердешнех, терахьдешнех, цIерметдешнех; церан суффиксаш. Тайп-тайпана къамелан дакъош цхьаьнакхетарх хилла куцдешнаш. Куцдешнийн даржаш. Куцдешнийн классашца хийцадалар. Куцдешнийн нийсайаздар.

Iамийнарг тIечIагIдар.

15. ДештIаьхье, цуьнан маьIна. Кхидолу къамелан дакъош дештIаьхьенашка довлар. ЦIердешнех хилла дештIаьхьенаш. Куцдешнех хилла дештIаьхьенаш. ДештIаьхьенийн нийсайазъяр.

Хуттург, цуьнан маьIна. Хуттургийн нийсайазйар.

Дакъалгаш, церан маьIна. Дакъалгийн нийсайазйар.

Айдардош, цуьнан маьIна. Айдардешнийн нийсайаздар.

Iамийнарг тIечIагIдар.

16. Синтаксис.

Дешнийн цхьаьнакхетарех, предложенех кхетам балар.

Цхьалхе предложени.

Iамийнарг тIечIагIдар.

17. Чолхе предложени. Чолхе цхьаьнакхетта предложени. Чолхе предложени дозаран гIирсаш.

Хуттургаш йоцу чолхе цхьаьнакхетта предложени.

Iамийнарг тIечIагIдар.

18. Чолхе карара предложени. ТIетуху предложени, цуьнан меттиг. Коьрта предложени.

Хуттургаш йоцу чолхе предложени.

Iамийнарг тIечIагIдар.

19. Сацаран хьаьркаш.

Йукъаметтигаллийн дешнаш.

Iамийнарг тIечIагIдар.

**Материальни декъехь кхачойар**

Компьютер, интерактивни у, видео-проектор, Интернет.

**Литература:**

1. Нохчийн-оьрсийн а, оьрсийн-нохчийн а, леррина а дошамаш.

2. Джамалханов З. Д., Мачигов М. Ю. Нохчийн мотт. 1-2-чу курсийн студенташна учебник. Шина декъехь. Нохч-ГIалгIайн книгийн издательство. Соьлжа-ГIала. 1985.

3. Джамалханов З. Д., Чинхоева Т. Н. Нохчийн мотт. 10-11 классашна. «Книгийн издательство» ПУП, Соьлжа-ГIала, 2007.

4. Диктантийн а, изложенийн а гуларш, тайп-тайпана гIоьналлин Iаматаш.

форумы). Новостные социальные сайты (News2). Интернет-хосты (Picasa, Flickr, Flamber, Rutube, Youtube). Социальные сайты вопросов и ответов. Подкасты аудио и видео. Социальные закладки. Тэги. Онлайн-игры. Социальные сети (Facebook, MySpace, Vkontakte, Одноклассники, Мой Круг).

12. Социальные объекты в сети Интернет. Конструирование социальной реальности. Мотивы участия пользователей в предоставлении контента. Принципы формирования сетевого сообщества. Пользовательский текст, мультимедиа контент. Социальная сеть как капитал социального объекта. Принципы действия и инструментарий социальных сетей в Интернет.

13. Социальные медиа в профессиональной деятельности. Социальные медиа как инструмент рекламной и PR-деятельности. Направления рекламной и PR-деятельности в Интернет. Социальный медиаплан. Стиль профессионального общения в Интернет. Модели работы с социальными сетями. Анализ кейсов.

**Материально-техническое обеспечение**

Компьютер, интерактивная доска, видео-проектор, доступ к сети Интернет.

**Список литературы:**

1. Гнатюк О. Л. Основы теории коммуникации : учебное пособие / О. Л. Гнатюк. ? М. : КноРус, 2010.

2. Далворт М. Социальные сети. Руководство по эксплуатации. - М.: Добрая книга.

3. Дзялошинский И.М. Журналистика соучастия. Как сделать СМИ полезными людям? - М.: 2006.

4. Почепцов Г.Г. Теория коммуникации / М.: Смартбук, 2008.

5. Рейнгольд Г. Умная толпа: новая социальная революция. - М.: ФАИР-ПРЕСС, 2006.

6. Силаева В. Л. Интернет как социальный феномен. Ж. «Социологические исследования», № 11, Ноябрь 2008.

7. Смирнов Ф.О. Искусство общения в Интернет. Краткое руководство. - М.: Издательский дом "Вильямс", 2006.

8. Тихонова С.В. Коммуникационная революция сегодня: информация и сеть. «Полис», № 3, 2007.

9. Тоффлер Э. Третья волна. - М.: АСТ, 2004.

форумы). Новостные социальные сайты (News2). Интернет-хосты (Picasa, Flickr, Flamber, Rutube, Youtube). Социальные сайты вопросов и ответов. Подкасты аудио и видео. Социальные закладки. Тэги. Онлайн-игры. Социальные сети (Facebook, MySpace, Vkontakte, Одноклассники, Мой Круг).

12. Социальные объекты в сети Интернет. Конструирование социальной реальности. Мотивы участия пользователей в предоставлении контента. Принципы формирования сетевого сообщества. Пользовательский текст, мультимедиа контент. Социальная сеть как капитал социального объекта. Принципы действия и инструментарий социальных сетей в Интернет.

13. Социальные медиа в профессиональной деятельности. Социальные медиа как инструмент рекламной и PR-деятельности. Направления рекламной и PR-деятельности в Интернет. Социальный медиаплан. Стиль профессионального общения в Интернет. Модели работы с социальными сетями. Анализ кейсов.

**Материально-техническое обеспечение**

Компьютер, интерактивная доска, видео-проектор, доступ к сети Интернет.

**Список литературы:**

1. Гнатюк О. Л. Основы теории коммуникации : учебное пособие / О. Л. Гнатюк. ? М. : КноРус, 2010.
2. Далворт М. Социальные сети. Руководство по эксплуатации. - М.: Добрая книга.
3. Дзялошинский И.М. Журналистика соучастия. Как сделать СМИ полезными людям? - М.: 2006.
4. Почепцов Г.Г. Теория коммуникации / М.: Смартбук, 2008.
5. Рейнгольд Г. Умная толпа: новая социальная революция. - М.: ФАИР-ПРЕСС, 2006.
6. Силаева В. Л. Интернет как социальный феномен. Ж. «Социологические исследования», № 11, Ноябрь 2008.
7. Смирнов Ф.О. Искусство общения в Интернет. Краткое руководство. - М.: Издательский дом "Вильямс", 2006.
8. Тихонова С.В. Коммуникационная революция сегодня: информация и сеть. «Полис», № 3, 2007.
9. Тоффлер Э. Третья волна. - М.: АСТ, 2004.